# Kárxana hám shólkemler
## (fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)
*(2019 jıl yanvar ayında)*

2019 jıldıń yanvar ayında Qaraqalpaqstan Respublikasında 417 kárxanalar hám shólkemler jańadan ashılǵan. Bul bolsa ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 87 ge kóp.

Bunıń natiyjesinde usı jıldıń basına salıstırǵanda hárekettegi kárxanalar hám shólkemler sanı 1864(13,3 %) ke ósken hámde olardıń ulıwma sanı 15897 ni quraǵan.

**16328 kárxana hám shólkemler dizimnen ótken**

**Hárekettegi kárxána hám shólkemler sanı 15897 di quraydı**

**Jańadan ashılǵanlar sanı 417**

**Hárekettegi kishi biznes subektleri sanı 12288 bolıp, jıl dawamında 417 kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan.**

**124** sırt el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalar háreket etpekte.



*Mámleketimizde qolay isbilermenlik ortalıǵın jedel rawajlandırıw boyınsha unamlı ózgerisler ámelge asırılıp atır. Óz ornında, isbilermenlik subektlerin mámleketlik dizimnen ótkeriw hám esapqa qoyıw boyınshada nızamshılıqta zárúrli qararlar qabıl etilip, mámleketlik dizimnen ótkeriw hám esapqa qoyıwdı avtomatlashtırılǵan sisteması basqıshpa-basqısh islep chıqılmaqta hám turmısqa engizilmekte.*

*Bul bolsa xalıqtıń hám sırt-el investorlarınıń jeke biznesin jolǵa qóyıwda hám rawajlandırıwda tiykarǵı qural bolıp xızmet etedi.*

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kárxana hám shólkemler sanı, birlikte

*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)*

| Tarmaqlar atı | Dizimnen ótken | Hárekettegi | Jańadan ashılǵan |
|---|---|---|---|
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, | 2005 | 1930 | 40 |
| Sanaatta | 1905 | 1857 | 72 |
| Qurılısta | 1819 | 1788 | 96 |
| Sawda | 3390 | 3290 | 134 |
| Tasıw hám saqlaw | 780 | 756 | 9 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 948 | 917 | 23 |
| Málimleme hám baylanıs | 312 | 296 | 4 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sotciallıq xızmetler kórsetiw | 301 | 296 | 4 |
| Basqa xızmet túrleri | 4868 | 4767 | 35 |

### Dizimnen ótken yuridik tárepler.

2019 jıldıń 1 yanvar jaǵdayına 16328 kárxanalar hám shólkemler dizimnen ótken bolıp, ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha 20,8 % sawdada, 11,7 % sanaatta, 11,1 % qurılısta, 12,3 % awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, 5,8 % jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde, 4,8 % tasıw hám saqlawda, málimleme hám baylanısta 1,9%, den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde 1,8 % hám 29,8 % basqa xızmet túrlerine tuwrı keledi.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń sanı, birlikte
*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




Dizimnen ótken kárxana hám shólkemkerdi rayonlar boyınsha kóretuǵın bolsaq eń kóbi Nókis qalası (5201), Tórtkúl (1662), Beruniy (1346), Ámudarya (1195) hám Ellikqala (1024) rayonları úlesine tuwrı keledi. Eń kem Moynaq (302), Taxtakópir (306) hámde Shomanay (391) rayonlarında gúzetiw múmkin.

**Dizimnen ótken kárxanalardıń jıllar kesiminde sanı, *birlikte*.**

***01.02.2017 jıl***
***13835***

***01.02.2018 jıl***
**14676**

***01.02.2019 jıl***
**16328**

## Hárekettegi yuridik tárepler.

Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń sanı 15897 nı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 1864 yaǵnıy (13,3 %) ke ósken.

| 01.02.2018 j. | 01.02.2019 j. | ótken jılǵa salıstırǵanda |
|---|---|---|
| 14033 | 15897 | 1864 ge ósken |

Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde jámi hárekettegi kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanına qaraǵanda 20,4 % sawdada, 11,5 % sanaatta, 11,2 % qurılısta, 12,1 % awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, 5,8 % jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde, 4,8 % tasıw hám saqlawda, málimleme hám baylanısta hámde den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde 1,9 % ten hámde 29.9 % basqa xızmet túrlerine tuwrı keledi

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi yuridik táreplerdiń úlesi, %**
***(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)***



Hárekettegi kárxana hám shólkemlerdi rayonlar boyınsha kóretuǵın bolsaq eń kóbi Nókis qalası (5087), Tórtkúl (1552), Beruniy (1313), Ámudarya (1162) hám Ellikqala (1018) rayonları úlesine tuwrı keledi. Eń kemi Moynaq (297), Taxtakópir (300) hámde Shomanay (383) rayonlarında gúzetiw múmkin.

**Rayonlar kesiminde hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı, birlikte**

***(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)***




**Hárekettegi kárxanalardıń jıllar kesiminde sanı, birlikte.**

| 01.02.2017 j. | 01.02.2018 j. | 01.02.2019 j. |
|---|---|---|
| • 13055 | • 14033 | • 15897 |

## Jańadan ashılǵan yuridikaliq tárepler.

*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)*

2018 jıl yanvar ayında 417 kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan bolıp, bul kórsetkish 2018 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 26,3 % ke kóp. Eń kóp jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler Nókis qalasında (150), Tórtkúl (48 ), Xojeli (26) hám Qońırat (21) rayonları úlesine tuwrı keledi. Eń kemi Taxtakópir (6), Nókis (11) hámde Taxyatas, Shımbay, Shomanay rayonlarında (13 ten) jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń kórsetkishi pás dárejede ekenligin kóriwimiz múmkin.

**Rayonlarlar kesiminde jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı, birlikte**

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*



Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde, eń kóbi sawdada (134), sanaatta (72), qurılısta (96) hámde awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında (40) kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan. Eń kemi bolsa den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde ) hámde málimleme hám baylanısta (4 uden), hámde tasıw hám saqlawda (9) taraw túrleri úlesine tuwrı keledi.

**Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jıllar kesiminde sanı, birlikte.**
*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*

| | 01.02.2017 j. | | 01.02.2018 j. | | 01.02.2019 j. | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Kárxana sani | úlesi, % | Kárxana sani | úlesi, % | Kárxana sani | úlesi, % |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **177** | **100,0** | **330** | **100,0** | **417** | **100,0** |
| Sanaatta | 46 | 26,0 | 37 | 11,2 | 72 | 17,3 |
| Sawda | 40 | 22,6 | 37 | 11,2 | 134 | 32,1 |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, | 29 | 16,4 | 48 | 14,5 | 40 | 9,6 |
| Qurılısta | 27 | 15,3 | 40 | 12,1 | 96 | 23,0 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 13 | 7,3 | 11 | 3,3 | 23 | 5,5 |
| Tasıw hám saqlaw | 8 | 4,5 | 8 | 2,4 | 9 | 2,2 |
| Málimleme hám baylanıs | 5 | 2,8 | 1 | 0,3 | 4 | 1,0 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw | 1 | 0,6 | 9 | 2,7 | 4 | 1,0 |
| Basqa xızmet túrleri | 8 | 4,5 | 139 | 42,3 | 35 | 8,3 |

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde sanı, birlikte.

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdıń ıllar kesiminde sanı, birlikte.



## Kommercialıq kárxanalar.

*(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)*

2019 jıl 1 fevral jaǵdayına 12361 kommerciyalıq kárxana hám shólkemler háreket kórsetip atırǵan bolsa, sonnan jeke kárxanalar – 2878 di, shańaraq kárxanalar – 681 di, juwapkershiligi cheklengen jámiyetler – 8492 ti hám basqalar 310 dı quraǵan.

**Klassifikatorı boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı, birlikte.**
*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*




## Sırt el kapital qatnasındaǵı kárxanalar.

2019 jıl 1 fevral jaǵdayına hárekettegi shet-el qatnasındaǵı kárxanalar sanı 124 ti quraydı. Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 47 ke yaǵnıy 61,0 % ke ósken. Usı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Qıtay Xalıq Respublikası, Rossiya Federatsiyası, Qazaqstan Respublikası, Qubla Koreya Respublikası hámde Pakistan Islam Respublikası úlesine tuwrı keledi

## Sırt-el kapital qatnasındağı hárekettegi kárxanalardıń mámleketler kesimindegi sanı, birlikte



| Qıtay Xalıq Respublikası | Rassiya Federatsiyası | Qazaqstan Respublikası | Qubla Koreya Respublikası | Pakistan Islam Respublikası | basqa |
|---|---|---|---|---|---|
| 36 | 15 | 14 | 12 | 6 | 41 |

## Sırt-el kapital qatnasındağı hárekettegi kárxanalar jıllar kesimindegi sanı, birlikte

| 01.02.2017 j. | 01.02.2018 j. | 01.02.2019 j. |
|---|---|---|
| 66 | 77 | 124 |

Sonday-aq hárekettegi sırt-el qatnasındaǵı kárxanalardan 77 ni qospa kárxanalar, 47 si bolsa sırt-el kárxanaları bolıp esaplanadı.

**Háreket kórsetip túrǵan sırt-el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalar quramında qospa kárxanalar hám sırt-el kárxanalardıń sanı, birlikte**




Shet-el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalası (22 yaǵnıy 17,7 %), Moynaq (18 yaǵnıy 14,5 %) hám Taqıyatash (11 yaǵnıy 8,9 %) rayonları úlesine tuwrı keledi. Eń kem shet-el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalar Tótkúl va Snomanay rayonlarinda (2 uden 2,4%), Xojeli (3 yaǵnıy 2,4 %) hám Ellikqala (4 yaǵnıy 3,2 %) rayonları úleslerine tuwrı keledi.

Bul bolsa usı rayonlarda shet-el sherikleri menen birgelikte islesiwdi, investicyalardı tartıwda ámelge asırıwı lazım bolǵan ilajlardı elede rawajlandırıwdı talap etedi.

Egerde hárekettegi shet-el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalardı ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kóretuǵın bolsaq, eń kóbi sanaatta 59 (47,6 %), awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında 34 (27,4 %) hámde sawdada 18 (14,5 %) quraǵan. Eń kemleri bolsa qurılısta hámda jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde 3 den (2,4 %), den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde 2 (1,6 %), tasıw hám saqlawda 1 (0,8 %) quraǵan.

Kórinip turǵanınday hárekettegi shet-el kapitalı qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykar bólegi sanaat hámde awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı  xızmet túrlerine tuwri keledi. Sonday-aq, eń kemleri bolsa den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde hámde tasıw hám  saqlaw xızmet túrlerine tuwrı keledi.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi shet-el kapital qatınasındaǵı kárxanalardıń sanı, birlikte**



## Jańadan ashılǵan shet-el kapital qatnasindaǵı kárxanalar.

2019 jıldıń yanvar ayında shet-el kapital qatnasındaǵı jańadan ashılǵan kárxanalardıń sanı 3 tı quraǵan. Bunda, Qazaqstan Respublikası -1, Qubla Koreya Respublikası -1, Turkmenistan Respublikası – 1 shet-el kapital qatnasındaǵı kárxanalar jańadan dizimnen ótken.

**Jańadan ashılǵan sırt-el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń mámleketler kesimindegi úlesi, %**




Jańadan ashılǵan shet-el kapital qatnasındaǵı kárxanalardı ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kóretuǵın bolsaq, tiykarınan awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı (1) hámde sawda (2) xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Jańadan ashılǵan sırt-el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı, ósiw dinamikasi

| | 2018 jil yanvar ayinda | | 2019 jil yanvar ayinda | |
|---|---|---|---|---|
| | Jámi | jámine salıstırǵanda % | Jámi | jámine salıstırǵanda % |
| **Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında,** | | | 1 | 33,3 |
| **Sanaatta** | | | | |
| **Sawda** | | | 2 | 66,7 |
| **Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde** | | | | |
| **Qurılısta** | | | | |
| **Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw** | | | | |
| **Tasıw hám saqlaw** | | | | |
| **Basqa xızmet túrleri** | | | | |

### Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı.

***(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)***

2019 jıldiń yanvar ayinda hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń sanı 12288 di quraǵan. Bul kórsetkich 2018 jıldin yanvar ayıına qaraǵanda 14,6 % ge ósken. Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi , yaǵnıy 4232 (34,4 %) Nókis qalası, 1303 (10,6 %) Tórtkúl, 1035 (8,4 %) Beruniy hámde 861 (7,0 %) Ámudarya rayonları úlesine tuwri keledi.




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde hárekettegi jámi 12288 kishi kárxana hám mikrofirmalardıń 3273 (26,6 %) – sawda, 1879 (15,3 %) - awil, toǵay hám balıq xojalıǵında, 1828 (14,9 %) - sanaat, 1779 (14,5 %) - qurılıs, 912 (7,4 %) – jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmet túrlerine, 751 (6,1 %) – tasıw hám saqlaw, 258 (2,1 %) - málimleme hám baylanısta, 215 (1,7 %) - den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde, sonday-aq 1393 (11,4 %) - basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

Kórinip turǵanınday, hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi sawda hám awıl, toǵay hám balıq xojalıǵın xızmet túrleri tuwrı keledi.

Sonday-aq, eń kem úlesi bolsa den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw hámde málimleme hám baylanıs xızmet túrleri tuwrı keledi.

**Hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha ulesi, % te**
***(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)***




2019 jıl yanvar ayında 395 kishi kárxana hám mikrofirmalar jańadan ashılǵan. Bul bolsa ótken jıldıń usi dáwirine salistirǵanda 84,6 % ke ósken. Eń kóp jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalar Nókis qalası (142), Tórtkúl (44), Xojeli (26), Qońırat (20) hám Beruniy rayonlarında (18) úlesine tuwri keledi. Eń kemleri Taxtakópir (6) hámde Ellikqala (10) rayonlarında gúzetiledi.

**Jańadan ashılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha sanı, birlikte**
***(fermer hám diyxan xo`jalıqlarınan basqa)***




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde bolsa eń kóbi sawdada (134), sanaatta (72), qurılısta (95) hám awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, (39) jańadan ashılǵan. Eń kemi tasıw hám saqlaw (9), málimleme hám baylanısta hámde den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde (4 uden) jańadan ashılǵan.

## Shańaraq kárxanaları sanı

2019 jıldıń 1-fevral jaǵdayına mámleketlik dizimnen ótken shańaraq kárxanalar sanı 634 bolıp, olardan 681 yaǵnıy 98,1 % hárekette. Bul kórsetkich ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda mámleketlik dizimnen ótkenlerdiń hámde hárekettegilerdiń ulıwma sanı ortasha 31,2 % ke óskenligin aytıp ótiw lazım.

## Shańaraq kárxanalar sanınıń ósiw dinamikası, birlikte




Hárekettegi shańaraq kárxanalarınıń ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kórgenimizde olardıń 29,1 % yaǵnıy 198 jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmet túrlerine, 27,7 % yaǵnıy 189 sanaat, 21,6 % yaǵnıy 147 sawda, 8,0 % yaǵnıy 55 awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı, 2,2 % yaǵnıy 15 den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde, 1,5 % yaǵnıy 10 málimleme hám baylanısta, 0,6 % yaǵnıy 4 wi qurılısta, 0,3 % yaǵnıy 2 tasıw hám saqlaw hámde 9,0 % yaǵnıy 61 basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha úlesi, %




Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kórgenimizde, en kóbi sanaatta hámde jasaw hám awqatlanıw xızmetleri, eń kemi bolsa den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde, qurılısta, tasıw hám saqlaw xizmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

### Saplastirilǵan kárxana hám shólkemler

2019 jıldıń yanvar ayında jámi 122 kárxanalar hám shólkemler saplastırılǵan.

Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda saplastırılǵan kárxanalar 89 kárxanaǵa ósken.

*Álbette xojalıq júrgiziuwshi subektlerdiń búgingi kún talaplarına maslasıw hám básekelesiwdi asırıwda mámleketimizde bir qansha unamlı ózgerisler kózge taslanıp, reformalar ámelge asırılmaqta. Bunıń nátijesinde mámleketimizde isbilermenliktiń búgingi kún bazarına maslasıw dárejesi artıp barmaqta.*

*Mısalı ushın 2017 jıl yanvar ayinda 59, 2018 jıl yanvar ayinda 33, 2019 jıldıń yanvar ayinda 122 kárxanalar hám shólkemler saplastırılǵan.*

**Saplastırılǵan kárxanalar hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde dinamikası, birlikte.**
***(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)***




Saplastırılǵan 122 kárxanalardıń Ekonomikalıq xızmet túrleri kesiminde kóretuǵın bolsaq, 29 (23,8 %) sawda , 15 (12,3 %) awıl hám toǵay xojalıǵı, sanaat hám qurılısta 14 ten (11,5 %), 4 (3,3 %) tasıw hám saqlawda, 8 (6,6 %) jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde, 2 (1,6 %) málimleme hám baylanısta, 1 (0,8 %) den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiwde hámde 35 (28,6 %) basqa xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

Kórinip turǵanınday, saplastırılǵan kárxanalardıń tiykarǵı bólegi sawda hámde awıl hám toǵay xojalıǵı xızmet túrlerine tuwrı keledi. Sonday-aq, eń kem úlesi bolsa málimleme hám baylanısta hámde den-sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi.

## Saplastırılǵan kárxanalar hám shólkemlerdıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha bólistiriliwi

*(fermer hám diyxan xojalıqlarınan basqa)*

| | 01.02.2018 jıl | | 01.02.2019 jıl | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | Jámi (birlikte) | jámine salıstırǵanda % | Jámi (birlikte) | jámine salıstırǵanda % | Parq, (+,-) |
| **Jámi** | **33** | **100,0** | **122** | **100,0** | **89** |
| *sonnan:* | | | | | |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵında, | 4 | 12,1 | 15 | 12,3 | 11 |
| Sanaatta | 2 | 6,1 | 14 | 11,5 | 12 |
| Qurılısta | 2 | 6,1 | 14 | 11,5 | 12 |
| Sawda | 15 | 45,5 | 29 | 23,8 | 14 |
| Tasıw hám saqlaw | 1 | 3,0 | 4 | 3,3 | 3 |
| Jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetlerde | 6 | 18,2 | 8 | 6,6 | 2 |
| Málimleme hám baylanıs | 1 | 3,0 | 2 | 1,6 | 1 |
| Den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetler kórsetiw | 0 | 0,0 | 1 | 0,8 | 1 |
| Basqa xızmet túrleri | 2 | 6,0 | 35 | 28,6 | 33 |

2019 jıl yanvar ayında 97 kishi isbilermenlik subektleri saplastırılǵan. Saplastırılǵan kishi kárxana hám mikrofirmalardıń tiykarǵı bólegi 28 (28,9%) sawda, sanaat hám qurılısta 14 ten (14,4 %), awıl hám toǵay xojalıǵı, 13 (13,4 %), tasıw hám saqlawda 4 (4,1 %), jasaw hám awqatlanıw boyıncha xızmetlerde 8 (8,2 %), málimleme hám baylanısta 2 (2,1 %), den sawlıqtı saqlaw hám sociallıq xızmetlerde hámde 1 (1,0 %) hámde 13 (13,5 %) basha xızmet túrleri úlesine tuwrı keledi

**Statistik registrlardıń jurgiziw bólimi**
**Tel.:71-230-82-23 (24)**